

## Fòm idantifikasyon sèks elèv

Chè paran oswa responsab,

Lè w mete pitit ou a nan yon lekòl Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE), lalwa egzije nou pou kolekte enfòmasyon sou sèks elèv la. Tanpri ranpli fòm sa a pou chwazi ki osyon ki dekri pi byen sèks elèv ou a. Nou konprann opsyon nou bay yo ka pa reprezante okonplè idantite sèks elèv ou a. Nou pral rantre opsyon ou chwazi a nan sistèm enfòmasyon elèv nou an. Si pitit ou a itilize yon non ak/oswa siyati ki diferan ak non ki parèt sou dokiman legal li, ou ka bay tou yon non ou chwazi si w itilize fòm sa a. Kominote lekòl la pral itilize non ak pwonon elèv ou a afime nan lekòl la lè y ap pale avèk li.

Lekòl DOE yo pa mete sèks nan dosye pèmanan ki konsène elèv ak lekòl. Ou ka mete sèks elèv ou a ajou nan kèk kote yo dokimante sèks la si w voye yon [Fòm demand pou chanje non ak sèks](#) bay lekòl ou a nenpòt lè. Ou ka itilize tou fòm sa a pou mande fè chanjman nan non ou chwazi pou elèv ou a si w bay yonn. Elèv minè ki emansipe oswa ki gen laj 18 lane pou pi piti ta dwe siyen ak voye fòm sa a pou mande chanjman sa yo.

Si elèv ou a chanje non legal li atravè yon lòd tribinal, batistè ki amande oswa ID gouvènman, voye dokiman sa a ba lekòl li a pou yo mete non legal li ajou nan dosye pèmanan li yo.

Lekòl DOE yo kenbe yon anviwònman aprantisaj ki sennesof ak agreyab pou elèv tout idantite sèks. Pou jwenn lòt resous pou sipòte elèv transjan ak elèv ki nan kategori sèks ki pi elaji, gade [schools.nyc.gov/lgbt](https://schools.nyc.gov/lgbt).

Non legal elèv la: \_\_\_\_\_

Siyati legal elèv la: \_\_\_\_\_

Dat Nesans elèv la (mwa/jou/ane): \_\_\_\_\_

### Idantifikasyon sèks

Chwazi opsyon ki dekri sèks elèv ou a pi byen an. Opsyon ou chwazi a pa oblije koresponn ak batistè oswa lòt dokiman elèv ou a. Chwazi yon opsyon sèlman:

- F – Fi:** Elèv mwen an idantifye tèt li kòm fi
- M – Gason:** Elèv mwen an idantifye tèt li kòm gason
- X – Ni fi ni gason:** Elèv mwen an pa idantifye tèt li kòm fi ni kòm gason (paegzanp, li idantifye tèt li kòm non-binary, gender expansive, oswa gender fluid)

Tanpri kontinye nan lòt bò fòmilè sa a.

### Ochwa: Idantifikasyon non ou chwazi

Si elèv ou a itilize yon non li chwazi (yon non ak/oswa siyati diferan ak non ki parèt nan dokiman legal), ou ka chwazi pou yo mete non sa a sou kanè, relvenòt, lis prezans ak lòt dokiman ki enpòtan. Si w ta renmen nou rantre yon non ou chwazi nan sistèm enfòmasyon elèv nou an pou elèv ou a, tanpri bay non ou chwazi pou li a pi ba a. N ap kenbe non ak siyati legal elèv ou a nan sistèm nou an pou referans.

Non pitit mwen an chwazi se: \_\_\_\_\_

Siyati pitit mwen an chwazi se: \_\_\_\_\_

Lè w siyen pi ba a, ou konprann ke:

- Mete yon non ak/oswa sèks ajou nan sistèm enfòmasyon elèv nou an se pa yon chanjman legal.
- Yo ka itilize dosye pèmanan yon elèv pou jwenn sèvis ak benefis andeyò DOE, tankou benefis nan New York City Human Resources Administration (HRA) ak nan Free Application for Federal Student Aid (FAFSA). Yo ka egzije non legal yon elèv pou benefis ak sèvis sa yo. Dosye lekòl ki gen yon non diferan ak non legal elèv la ka lakoz reta oswa pwoblèm. Ou ka jwenn yon lèt nan lekòl ou a pou eksplike w kòman non elèv ou a parèt nan dosye l.
- Si w deside chanje non ak/oswa sèks pitit ou a alavni, non legal ak/oswa sèks li te gen avan ap rete nan achiv nan sistèm DOE a pou pèmèt yo konpare dosye yo pandan y ap kenbe konfidansyalite.

---

### Siyati Paran oswa responsab la

Non Paran oswa Responsab: \_\_\_\_\_

Siyati Paran oswa Responsab: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

### School or Family Welcome Center Use Only

Date entered into ATS: \_\_\_\_\_